Ассаламу гIалайкум, казбекалъул жамагIат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 26 (9871) 3 июль 2020 с. /Рузман 12 Зуль-къагIида 1441 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru




***Уважаемые сотрудники и ветераны Государственной инспекции безопасности дорожного движения!***

Примите искренние поздравления с вашим профессиональным праздником! Уже на протяжении многих лет вы решаете сложные задачи по обеспечению дорожной безопасности, правопорядка, сохранению жизни и здоровья людей. Вы работаете на одном из трудных направлений охраны общественного порядка.

Ежедневно вы делаете все возможное для снижения аварийности, первыми приходите на помощь попавшим в беду на дороге. Круглосуточно неся нелегкую, требующую постоянного напряжения и бдительности службу, вы проявляете высокий профессионализм и мужество. Благополучие граждан, их спокойствие и безопасность — важнейшее направление вашей деятельности.

Уверены, что вы и впредь будете с честью выполнять свой профессиональный долг, надёжно поддерживая порядок на дорогах, а число дисциплинированных участников дорожного движения, благодаря вашей работе будет только увеличиваться! В этот праздничный день желаем всем вам крепкого здоровья, счастья, душевных и физических сил, жизненных и трудовых успехов. Мира, добра и благополучия вам и вашим семьям!

**Глава МР «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ**
**Председатель Собрания депутатов Г.М. ГИРИСХАНОВ**

## КIиабилеб этапалде хIадурлъулел руго

29 июналда коронавирусалде данде чIеялъе Дагъистаналда гIуцIараб оперативияб штабалъул иргадулаб видеоконференция тIобитIана. Дагъистаналъул бетIер В. Васильевасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана-республикаялъул министерствабазегун ведомствабазе нухмалъулел, муниципалитетазул бутIрул. Гьезда гьоркьор рукIана нилъер районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаев, гьесул заместитель И.И.Шабазов ва ЦРБялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуралев Р.П.Памиев.



Республикаялъул бетIерас гьеңиб бицана медицинаялъул хIалтIухъабаз, рухIалда барахщичIого, унтаразе гьабураб кумекалъул, гьездехун гIадамазул букIараб бербалагьи хисиялъул.

Гьединго, гьениб бицен ккана гIорхъичIваялъул тIоцебесеб этапалъул хIасилазул,бизнесалъул рахъ ккеялъул.

Гьениб бихьизабуна Дагъистаналда коронавирусалъ унтаразул къадар дагьлъулеб, хIалуцараб ахIвал-хIал гIодоцунеб букIинги.

Республикаялъул бетIерас абуна: *«Нилъеда бараб буго гьарулел ишал тартибалда, хIасил кьолеб къагIидаялда ва жавабчилъиялда, гIуцIи»,-ян.*

Жавабиял хIалтIухъабазда тIадкъан буго мажгитал, килисал ва цогидалги культалъулал бакIал рагьиялде хIадурлъиялъул суал. Гьединго, видеоконференциялда бицен гьабуна гIадамаз хIухьбахъизе бегьулел ресторанал, кафеял ва гь.ц. бакIал рагьиялъул хIакъалъулъ.КватIичIого гьединал бакIал рагьизеги ихтияр щвезе бегьула, амма кIочене бегьуларо нилъго цIуниялъул къагIидабиги.

Данделъиялъул ахиралда В. Васильевас тIолалго ахIана гьарулел ишазде тIаса- масагояб бербалагьи гьабунгутIиялде ва Роспотребнадзоралъул тIалабал жавабчилъиялда тIуразариялде.

**Д. ГIАБДУЛАХIИТОВА**

Ниж - терроризмалде ва экстремизмалде данде

## Терроризмалде данде къеркьеялъул комиссиялда...

29 июналда районалъул администрациялда,**«Казбек район»** муниципалияб гIуцIиялъул бетIер ХI.ХI. Мусаевасул нухмалъиялда, терроризмалде дандекъеркьеялъул комиссиялъул данделъи тIобитIана.



Гьенир гIахьаллъана-РДялъул МЧСалъул халкквеялъул отделалъул начальник К.ХIажиев, **«Казбектранс»** МУПалъул директор М. ГIабдулгьапуров, ГИБДДялъул начальник Т. Чигаев, ФСБялъул, ОМВДялъул ва прокуратураялъул вакилзаби.

Аслияб къагIидаялда данделъиялда бицен гьабуна ТIолгороссиялъул гьаракьгьеялда районалъул гIадамазул гIумруялъе хIинкъигьечIолъи букIинабиялъе ва гьаракь кьеялде хIадурлъиялъул суалазул.

Гьел суалазда тIасан кIалъаял гьаруна ОМВДялъул начальник ГI.Халидовас, ТИКалъул председатель ХI. Темиркъаевас ва ГОялъулгун ЧСалъул, мобилизация гьабиялъул отделалъул начальник И. МухIамадовас.

Гьениб бицен гьабуна районалдаса гIадамал Сириялде риччангутIиялда, террористазул кверщаликьеги ккун, тамихIалде цIарал цIидасан гьезухъе унгутIиялда, транспорталъул объектазда хIинкъи гьечIолъи чIезабиялда, цIаялдаса тIадехун рехсарал объектал цIуниялда сверухъ гьабулеб хIалтIулги.

Гьединго, гьеб тадбиралда хал гьабуна ИчкIа ва Хубар росабазул администрациябаз терроризмалъул идеологиялде дандечIеялъе 2020 соналъ гьабураб хIалтIул. Комиссиялъ гьезие лъикIаблъун бихьизабуна хадусеб соналъ терроризмалде данде къеркьеялъе дагьалъ цIикIкIун гIарац биччазе.

Тадбир ахиралде щвана АТКялъул секретарас РДялъулгун районалъул АТКяз тIоритIизе планалде росарал суалал тIуразариялда сверухъ гьабулеб хIалтIул хIакъалъулъ биценалдалъун.

**М.-Ш.ГIАБДУЛАШИМОВ**

Росдал магIишаталда

## ТIадбан унеб буго...



Районалъул магIишатаз хаслихъе культураби ракIаризе байбихьана. Ругел баяназда рекъон, гьез 1825 гектаралдаса хаслихъе ва 235 гектаралдаса ихдалил культураби ракIаризе ккола.

**«Дылымское»** ГУПалъ **«Архъабаш»** участокалдаса (60га) пурчIина бакIарулеб буго. Гьединго, гьениб херги хIадурулеб буго. Гьеб магIишаталъ хIадурана 500т. харил ва 275т. силосалъул.

Маг1ишатаз т1оцел бакIарун буго 261 гектаралдаса, бачIин-652,5т. (1 гаялдаса-25 центнер).

**«БагIараб Октябрь»** СПКялда 150 гаялдаса бакIарараб хIалухъиналъул къадар бахуна 375 тоннаялде. Гьенибги, гьоркьохъеб хIисабалда, цо гектаралдаса 25 центнер бакIарун буго.

УСХялде магIишатаз рачIарал баяназда рекъон, гьез хIадурун буго 3850 т. харил ва 1050т. силосалъул.

**ГI.ГIАБДУЛМУСЛИМОВ,**
**УСХялъул бетIерав агроном.**

**ГIагараб газеталъул божарал гьудулзаби,**

## 3 июль - ГИБДДялъул (ГАИялъул) Къо

# ХIинкъигьечIолъи букIинаби мурадалда...

Нилъ нугIзаллъун руго ахириял соназ нилъер гIумруялъулъ ккарал хиса-басиязе. Гьезулъ рехсезе бегьула телефонал, компьютерал ва гь.ц., щибаб къоялъ нилъеца хIалтIизарулел, жал гьечIого гьанжесеб гIумру цебе чIезабизе захIматал, алатал. Гьелдаго цадахъ, гIемерго цIикIкIана техникаги. Арал соназ телевизоралдасан рихьизарулаан къватIисел пачалихъазда(техникаялъул гIемерлъиялъ) рукIунел пробкаби, цо чанго машина гьоркьоре рачарал аварияби.

Нилъер гьаниб гьединаб ахIвал-хIал киданиги букIине рес гьечIин ккolaan. Биххана СССР, пачалихъалъул гIумру тIубанго хисана. КъватIисел улкабазда лъугьунел ва какулел рукIарал ишал гьанирги лъугьине байбихьана. Лъида ракIалде кколеб букIараб МахIачхъалаялда яги Хасавюрталда машинабазул пробкаби рукIинилан?

Гьай-гьай, техника гIемерлъиялда цадахъго, цIикIкIана нухда хьвадиялъул гIадлу-низам биххиги аварияв гьариги. Гьедин букIунгутIиялда тIад хIалтIулел руго ГИБДДялъул (ГАИялъул) хIалтIухъаби. Машинагун нухда хьвадулезда гьоркьов вуго дунги.

Узухъда, дун гIемер дандчIвала тIадехун рехсарал хIалтIухъабигун, рихьула гьез нухда чIезаруралги. ЧIезаруразул цIикIкIунисез ГАИялъул хIалтIухъабазе загьир гьабула лъалхъизариялда жал рази гьечIолъи. Гьел дагIбадула, гьез ахIи-хIур бахъинабула, рахъ-рахъалдеги кIалъан, кумек тIалаб гьабула, гIадлу-низам биххиялъе мукIурлъуларо.

*«Командир, дица нухда хьвадиялъул низам хвезабичIо, дун щай чIезавурав»*,-ан тIаде лъугьуна. Цо гьалмагъас бицана: *«Дун Дагъистан тун къватIивехун вукIана ва цониги бакIалда чIезавичIо. Гьанив щибаб посталда чIезавуна ва документазул хал гьабуна»*,-ян. Гьесда бичIчIунеб гьечIоан нилъер ракь тун къватIибехун нухда хьвадиялъул гIадлу-низам, техника, документал законалде данде кколеб къагIидаялда рукIинариялъул суалал, нилъер гьанир гIадин гьечIеллъи. Чан чи нилъер къватIиве вахъунарев, кколеб къагIидаялда, техника хIалтIуларев яги документал кодор гьечIев?

Нухда хьвадиялъул къагIидабиги хвезаруни, жагъалаб техникагун къватIиреги рахъани, гуребищ нилъер ва цогидазул гIумруялъе хIинкъи букIунеб? Гьеб биччангутIиялда тIад хIалтIулелгун бегьулищ къец базе? Цо-цоязда ракIалде ккезе бегьула дун ГАИялъул хIалтIухъаби кидаго ритIухъаллъун рукIунин абулев вугин. Гуро!

Амма кIочене бегьуларо гьенир хIалтIулелги гIадамал рукIин, гьезулги гIунгутIаби рукIунеллъи. ЦIадукьги, гIазукьги, сагIтазгун мехелазги посталда рахъунчIей, гьай-гьай, бигьаяб иш гуро.

Гьенир чIарал, нилъ гIадин, багIарараб заманалда тIутIаб ретIелги ретIун рукIунаро, гьезда букIуна хасаб жидерго форма ва тIад ярагъ. Гьединго, ракIалдаса ине бегьуларо нилъер гьаниб бугеб ва букIунеб хIалуцараб ахIвал-хIал. Нилъ руго бусурбаби, гьитIинаб къоялдаса нилъеда малъула сабруялдалъун рукIайилан. Амма гьеб нилъер цIикIкIунисезда кIочон тола.

3 июль ккола ГИБДДялъул (ГАИялъул) къолъун, ай, гьенир хIалтIулезул байрамлъун. Дун дандчIвана рехсараб гIуцIиялъул хIалтIухъабигун. Гьаб заманалда ругел захIмалъабазул бицен ккедал, цояс гIадин, гьез абуна: *«Гьанир чIей нижеда захIматаблъунцин бихьуларо. ЗахIмалъула нухда хьвадулезулъ сабру гьечIолъи. Бищунго квеш ккола нижер умумулгун ва кIудиял умумулгун ращадаз сабру гьечIолъи загьир гьабулеб заманалда. Гьал моцIаз карантин лъеялъ бихьизабуна гIезегIанго нухда хьвадулезул гIамал-хасият»*,-ан.

Лъица щиб бицаниги, ГАИялъул хIалтIухъаби руго, тIоцебесеб иргаялда, нилъер сахлъи цIуниялда тIад хIалтIулел гIадамал. Гьезул нилъедехунисел тIалабал законалде данде ккоралел ругони, нилъер ихтияр буго ритIухълъи тIалаб гьабизе.

Цого кIочон тезе бегьуларо нилъго ритIухъаллъун ва сабруяллъун рукIине кколеблъи. ТIолазго гьел цIунани, ракIчIола нилъ киназулго гIумру гIемерго бигьалъизе букIиналда.

**Артур Арсенович Баймурадов**



гьавуна 1987 соналъ Калининаул росулъ. 2004 соналъ росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, кIиго соналъ армиялда хъулухъги гьабун, тIадвуссарав Артур 7 соналъ х1алт1ана контрактниклъун ва, хIалтIуда цадахъго, гьес лъугIизабуна ДГПУялъул правовияб факультет.

Рагъулал тунка-хIусиязул гIахьалчилъун кколев гьев 2007 соналъ хIалтIизе лъугьана МВД ялъул нилъер районалда бугеб отделалде. 2014 соналдаса А. Баймурадов хIалтIулев вуго ГИБДДялда. Артур дида лъала гьитIинаб къоялдаса, гьезул хъизан буго дир мадугьалихъ. Нечарав, г1одоцараб гьаракьалъ ва гьимун гурони кIалъаларев гьев хIалтIи камун вукIунароан.

Кида балагьаниги, Артур вихьулаан щиб букIаниги ишалда машгъуллъун. Эбел-инсуца гьевги цогиял лъималги куцана захIмат бокьулеллъун, адаб-хатир гьабулеллъун ва яхI-намус цIунараллъун.

РакIбацIцIад ва бажарун гьес хIалтIи гьабулеб букIин бихьизабула III-аб. даражаялъул **«Хъулухъалда бихьизабураб тIокIлъиялъухъ»** каранда балеб гIаламаталдалъун ва цогидалги шапакъатаздалъун гьев кIодо гьавиялъ.

Артурица ва лъади Залинаца гIезабулеб буго кIиго лъимер(васги ясги).

**ДжабрагIил Шамсудинович МухIамадов**



гьавуна I994 соналъ Дилим росулъ. 2011 соналъ ДжабрагIилица лъугIизабуна росдал гимназия. 2014-2015 соназ гьес хъулухъ гьабуна Россиялъул армиялда.

2016 соналъ ДжабрагIил хIалтIизе лъугьана нилъер районалда бугеб МВДялъул отделалде. Цадахъгойин абухъе, гьес лъугIизаруна ДГУялъул юридическияб факультет (2018с.) ва автодорожнияб университет (МахIачхъала шагьар,2019с.).

Цадахъ хIалтIулезул рагIабазда рекъон, ДжабрагIил вуго ракIбацIцIадав, бажаризабун хIалтIи гьабулев, махсаро-хочI гьабизе бокьулев ва гьеб бичIчIунев хIалтIухъан. Гьеб кинабго ритIухъаб букIин бихьулеб букIана гьевгун ккараб дандчIваялдаги.

ДжабрагIил гIуна захIмат бокьулеб хъизаналда. Техникагун бухьен бугезда лъалев ватила машинаби къачIалев Дилим росулъа Шамсудин. Дун дунгоги цо чанго нухалъ гьесухъе ине ккана. Гьев вугоан бажари бугев ва кьураб рагIи кколев инсан.

ДжабрагIил вуго Шамсудинил вас. Жеги 30 соналде вахинчIев гьев ккола рагъул тунка-хIусиязул ветеранги.

**АсхIабгIали МухIамадович Адуев**




гьавуна 1977 соналъ Гуни росулъ. 1994 соналъ, росдал гьоркьохъеб школа лъугIизабун хадув, гьев лъугьана Дагъистаналъул росдал магIишаталъул пачалихъияб университеталде.

2005 соналдаса байбихьун, АсхIабгIали хIалтIулев вуго МВД ялъул нилъер районалда бугеб отделалда (ГИБДД) Росуцоязул, цадахъ хIалтIулезул ва гьев лъалезул рагIабазда рекъон, Асх1абг1али кколев вуго ракIбацIцIадав, бажари бугев, гIадамазулгун рагIи данде ккезабун бажарулев, яхI-намус цIунарав хIалтIухъанлъун.

Гьев гьединавлъун вукIин бихьизабула Дагъистаналъул жанисел ишазул министерствоялъ, районалъул отделалъ гьесие кьурал шапакъатазги.

АсхIабгIалица ва лъади Джамиляца гIезабулеб буго кIиго лъимер.

**М.-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ**

<u>**Инсан ва гIумру**</u>

# БахIарчияллъун рижунаро...

Кин бахIарчияллъун рахъине бегьулебали школазда ва цогиял цIалул заведениябазда малъуларо, гьелъул хIакъалъулъ газетазда, журналазда яги тIахьазда хъванги букIунаро. БахIарчилъи загьирлъизе бегьула кинал рукIаниги лъугьабахъиназулъ.

БахIарчилъи бихьизабураздацIехани, кин ва щиб ккарабали, гьезул цIикIкунисез абула: «Лъаларо, къварилъиялде ккаразе кумек гьабичIони, мун гIаданлъун вукIунароян яхI-намусалъ тункула цевехун»,-ан.

Цоги, гьабураб гьезда ракIалда букIунаро, гьеб, рагIа-ракьанде щун, бицинеги гьезухъа бажаруларо. Гьедин ккана гьаб нухалдаги.



Нижер къокъа- С.Нуридинова, М.ГIабдулатIипова, С. Гереханова, Э.ГъазимухIамадова, М. Мусавузова, Р.ГIусманова, З.Индирбиева, З.Ачабаева, А. Динаева, З.Гъоймирзаева, С. Хайрулаева (Калининаул росдал гьоркьохъеб школа), Д.ГIабдулахIитова (**«Чапар»** газеталъул бетIерай редактор), К.Давурбегова (№2 ЛСШ) ва П.Насрулаева (Калининаул росдал байбихьул школа) 27 июналда ун рукIана Дахадаев районалда бугеб зияраталде.

ТIадруссун рачIунел ниж, Каспий ралъдахъ лъалхъана. Ралъдада лъикIаланго чIахIиял карачелал ругоан ва гьенив щивниги чи гьечIоан. Цодагьаб заманалдасан гьениве вачIана кIиго бихьинчи ва гьел ралъдалъе лъугьана. Минутал ун рукIун ратила, гьезул цояв лъелъа тIаде ваккичIо. СихIтун, кумек тIалаб гьабичIого, циндаго гьев лъелъ тIерхьин рекIее гIечIел ниж лъехъе роpтана, амма вихьуда чи вукIинчIо

Аллагьасде кумек гьарулаго, лъалес лъараб рикIкIунаго, ниж лъелъ т1ерхьарав валагьизе лъугьана. Ахиралдаги нижеда гьев ватана. Нижеца бихьинчи къватIиве вахъана, амма хъахIиллъунги лъугьун, гьесул хIухьел яги бидул кьаби (пульс) букIинчIо. Гьев чIаго гьечIинги кколеб букIана. Ниж, хехгьабун, гьесие тIоцебесеб медицинаялъулаб кумек гьабизе лъугьана (Рецц Аллагьасе, нижеда цадахъ медсестра йикIана, нижедагоги гьабизе кколеб лъалаан).

Гьабураб кумекалъ гьесул ракI кьабизе лъугьана. Гьединго, гьенире нижеца хехаб кумекалъул хIалтIухъабиги ахIана. ЦIидасан гIакълуялдаса арав гьесул ургьиса лъимги къватIибе бачIинабун, кумекалъул машина тIаде щвезегIан, нижеца гьесда бажарараб т1адч1ей гьабуна. Нижерго машинаялда гьев больницаялде щвезавизехъин рукIаго, тIаде щвана хехаб кумекалъул машина.

Дагьабго заманалдасан ниж тохтурзабахъе кIалъана. Гьез абуна: «Ургъел ккоге, гьев гIакълуялде вачIана, гьес жиндирго цIар бицана. Ралъдал рагIалда тIаде къуларал нуж рихьидал гьесда ккун бугоан жив доб дунялалда хIурулгIинзабаз горсверуде вачун вугилан. Гьес нужее кIудияб баркала загьир гьабулеб буго»,-ян.

Ккаралда тIад дун гIемер ургъана. Дида бичIчIана гьикъун къо бачIунареблъи ва хIажат гьечIинги абун, щибго, лъазе тIалаб гьабичIого, тезе бегьулареблъи. Кколеб къагIидаялда тIоцебесеб кумек гьабизе нижеда бажаричIебани, гьев чиясул гIумру хвасар гьабизе кIвеялда божи букIинчIо. Ккараб рагIарал цадахъ хIалтIулез, росдал гIадамаз ва лъазего лъаларел гIадамаз хIайранлъи ва баркала загьир гьабун нижехъе хъван яги ахIун бачIуна. Гьелдаса тIадегIанаб къимат кинаб букIунеб?

**С. ГЕРЕХАНОВА,**
**Калининаул росу.**

# Как балеб рукъ рагьана

*Аллагьасул рукъоре къолщуцIул ниж ахIулел,*
*КIвахI гьечIел будунзаби, нужееги мархIаба.*
*Нужер ахIулеб каким, жаваб гьабун рачIунел,*
*Баркат бугеб жамагIат, нужееги мархIаба.*







Гьедин хъвана жиндирго назмуялда ЧIикIаса КIудияс. Цоги абула, бищун лъикIаб гIамал бугин Аллагьасул рукъзал рацIцIад цIуни абун. Дилим росдал кIудияб мажгиталда цебе букIараб руччабаз как балеб рукъ, жеги санагIалъаби ругеллъун къачIазе заманалъ къан букIана.

Дагьал церегIан къояз гьеб рагьана. БитIараб бицани жаниб хIетIе чIезе бархщараб хIалалда бугоан гьеб. БатIияб нурги берцинлъиги бихьула жаниб. Киналго хIажалъаби тIуразе цоцадаса батIа-батIаго чIезарун руго рукъзал. БитIахъе бадиб магIу хулана ва г1ажаибаб асар рек1ее лъугьана.

Гьенире къалъулги, бакъанилги какал разе рачIуна сверухъ ругел учреждениябазул, организациябазул, тукабазулгун ва гьединго, районалъул росабалъа жидерго хIажаталъ рачIаралги. Нилъеда лъала инсанасул кверазе мутIигIлъулареб махщел букIунареблъи.

РакI унтун гьабураб хIалтIул хIасилги лъикIаб букIуна. Гьеб бихьула мажгиталде жанире лъугьарабго.

«Чапар» газета гьоркьоб ккун, киналго руччабаз ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго, гьеб хIалтIи киридахъ гьабизе тIаде босарал ва кумекалъулаб квер бакъарал диналъул вацазе ва яцазе. Гьениб тIураб гIетIги бихьараб гIакъубаги ТIадегIанас кирилъун хъваги нужее лъик1ал г1адамал!

Гьаниб абичIого гIоларо как базе рачIараз жидедаго хадуб рацIцIалъи цIуниялъул рахъги. ЛъикIаб букIина Аллагьасул рукъалъул хIурмат гьабуни.

# Чед - киналъулго бетIер

**Хириял, дир умумул,**
**Нужер гIетIалъ буцараб,**
**ТIощалил бежараб чед,**
**Гьелда букIунеб тIаг1ам.**

**Чадил къимат гьебич1ев,**
**Къадруялда цIунич1ев,**
**Гьаб ракьалда ватани,**
**Гьесий нагIана буго.**



Ролъул чед, жиб гьабизе бигьаяб, г1езабизе зах1матаб. Жиндир багьа холареб, жиб гьеч1они, г1умру бук1унареб, инсанасе ч1аголъиги къуватги кьолеб. Машааллагь, гьеб жакъа гьарзаго бугеб куц, камугеги кидаго, бихьугеги ракъи. Гьанже тукабазул полказда рихьулел бат1и-бат1иял формабазда гьарурал чадаз рак1 т1аде ц1ала. Кинаб босилеб кинаб телебали лъаларого хут1ула.

Хал гьабураб мехалъ цо-цояз, масаж гьабулеб кинниги, щибаб чедалда кверал рахъула. Сонисеб яги дагьалъ къвак1араб бугони, босуларо.

Гьеб суратал рак1алде щвезарула чияр цо-цо улкабазда ракъарал, анкьаз? моц1аз квине чед щоларел лъимал.

Нилъин абуни, чадида гъорлъ т1ерхьун, г1орц1иялъ раг1 баялде ккун руго. Г1емер бицуна чед исрап гьабиялъул, гьеб нахъе рехиялъул. Г1емерисел гьеб пасат гьабиялъе г1айибияллъун рик1к1уна руччаби. Нилъер хирияв Аварагасул х1адисги буго: «Чед исрап гьабуларел мискинлъиларин».

Тукабазда жаниб хал гьабураб мехалъ, г1емерисезе бокьулеб буго пекарнялъул буханка. Гьеб бач1инег1ан ч1аралги рук1уна.

Хасго ригь аразе гьеб кваназе данде кколеб буго. Цо-цояз абулеб буго буханка дагьаб гьит1инаб размералъул щайин гьабулареб, кванан бащдаб нахъе хут1ич1ого бук1ине. Бит1араб буго, херал, янгъизал г1адамазе гьит1инаб чед г1еларищха цо сордо - къоялъе.

Гьеб ккола чадил х1урмат ва къимат гьаби.

Г1емерисел г1адамазе пекарнялъул буханка бокьиялъе г1илла лъазе дица чанго суал кьуна РайПОялъул председатель Бушра Мух1амадовасе. Гьес абуна: «Бит1араб буго, нижер чед киназго гъираялда босула. Гьелъие г1илла буго гьадинаб:

Нижеца ханжуялде гъорлъе жураларо сахлъиялъе зарал бугел химикатал. Цох1о реччебги ц1амги, гьеб буго нижер чадие бугеб рецепт. Чед пунщизе гьаби гуро нижер мурадлъун бугеб.

**-Чан х1алт1ухъан вугев, суткаялъе чан чед бежулеб?**

Пекарнялда х1алт1улев вуго кинавниги 11 чи. Гьезул щиязул ц1арал рехсеч1ониги, коллектив буго цоцалъ гъункараб, рак1бац1ц1адго х1алт1улеб. Суткаялъе бежула 92-96 чед, 50 кг. бугеб таргьа ханждал,чадил ц1айи буго 700 грамм.

**-Дида цо-цояз абулеб раг1ана буханка дагьаб гьит1инаб, босизе санаг1алъи бугеб бук1инаанин.**

Гьедин дида абулелги рук1ана. Гьаб цо х1алуцараб заман т1аса ккарабго рак1алда буго г1исинал кепал заказ гьаризе Мах1ачхъалаялде ине.

**Баркала, Бушра, гьабулеб бит1аги ва гьелда баракат лъеги».**

**ХI. КАРИМОВА**

# БачIин лъикIаб батаги



Ахирияб заманалда ккарал хиса-басияз, нилъеда цере г1емерал суалал лъуна ва гьезие бит1араб жаваб кьезе зах1малъулеб буго. Умумузе, гьединго, лъималазе ц1акъ зах1малъана, коронавирусалъул унти баккаралдаса карантин ч1езаби.

Х1алт1ул коллективазда гьоркьор ругьунал умумузеги, школазде, лъималазул ахазде хьвадулел лъималазеги бигьаяб ишлъун бук1инч1о рукъор ч1ей. Г1емерисезда бич1ч1ун батила лъай кьеялъул идарабазулги лъималазул ахазулги бугеб к1вар, умумуздасан лъималазе щолеб гьеч1еб бербалагьиялъул х1акъикъат.

Дагьабги зах1матаб заман бач1ине бегьула. Нилъер х1адурлъи бук1ине ккола, кинаб къо т1аде бач1аниги, гьеб борхизе. Нилъее баракат щваял умумузул жакъа нилъее ругел г1адал ресал рук1инч1о. Лъималазул ц1ураб рукъги хъизаналда гьабулеб къвак1араб г1адлунизамги бук1унаан гьезул.

Кинаб г1акъуба-къварилъи бихьаниги, гьел заманалъул зах1малъабазда цере къуркьич1о, х1алт1ухъа х1инкъич1о ва лъималазе бук1ине кколеб тарбия кьуна.

Гьанжесеб заманалда цадахъ гали т1амулел ругиланги абун, нилъеца лъимал, к1вар кьеч1ого, тун руго. Т1оцебесеб иргаялда, гьезие г1олеб гьеч1о умумузул рокьи, лъик1аб бербалагьи ва т1алаб-агъаз.

Жидедехун бербалагьи дагьал лъималазул эбел - инсудехун бижуна рокьукълъи. «Нужее дунги вокьуларо, гьай, дие нужги рокьуларо»,- ян абураб пикру бижине бегьула лъимералъул рек1елъ. Улбузда гьоркьоб ц1акъго г1емерлъун буго лъимал гукки. Нилъер умумузул- «Лъимер гьит1инго лъураб кьуч1 –щулияб бук1уна»,-ян аби буго. Гьеб нилъеда к1очене бегьуларо ва гьереси бициналдаса гьел ц1унизе ккола.

Лъимал ругьун гьаризе ккола жидерго ургъел умумулгун бикьун. Гьеб санде гьабич1ого тейи эбел-инсул г1айиб ккола.

Ургъун, щибго щаклъи лъимералъул кколареб х1алалда, гьелъул ургъел бикьизе ккола. Гьедин гьабуни, лъимадул умуmуздехун бербалагьи лъик1лъула, гьезде божиги ц1ик1к1уна.

Жиндир г1унгут1иялъул эбел-инсуе к1вар гьеч1олъи лъимералда бихьулеб бугони, гьеб, г1аксалда, нахъе къараблъун ва жибго жиндиего г1ураблъун лъугьуна.

Лъималазе бокьа-бокьараб гьабулел умумул ругони, лъимер гоч1аб, цогиязул ургъел гьабулареб, ч1ух1араб лъугьиналдаги х1инкъи буго ва гьедин бегьулароян г1емер такрар гьабизе ккола.

Умумуз лъимал зах1маталда ругьун гьарулел гьеч1о. Гьелъул х1асилалда лъималазе г1умрудул нухдасан ине зах1малъулеб буго ва жидерго маг1ишаталде руссаниги, эбел-эмен гьезда кверч1ван рук1ине кколел руго.

Нилъеца бекьаралда бараб бук1уна метерисеб бач1ин.

Нилъер бук1инесеб бач1ин лъик1аб батаги.

**Асият ДИБИРОВА**

# Переписалъул заман хисизабуна

Лъалеб букIахъе, гьаб соналъул октябралда тIобитIизе букIараб ТIолгороссиялъул перепись бачIунеб соналде рехизе бегьулин цебего лъазабун букIана. (Нижеца гьелъул хIакъалъулъ «Чапар» газеталда хъванги букIана, №14, 10. 04. 2020с., 4 гьум.).

27 июналда РФялъул хIукуматалъ бахъараб Постановлениялда рекъон (№ 943), перепись тIобитIизе буго 2021 соналъул апрелалда. Щвезе зах1матал ва рикIкIадал улкаялъул бакIазда гьеб т1обит1изе буго 2020 соналъул октябралдаса 2021 соналъул 30 июналде щвезегIан.

Переписалъул цересел хIасилал гьаризе руго 202I соналъул октябралда. Перепись нахъбахъиялъе гIиллалъун ккана, коронавирус баккиялдалъун, улкаялда ккарал хиса-басиял.

**Росстат**

## Правила пожарной безопасности при уборке урожая и заготовке кормов

Уборка урожая - дело серьезное и важное. Но важно не только собрать урожай, но и сохранить его, в том числе и от пожара. А вероятность пожара бывает достаточно высока при уборке зерновых культур и заготовке кормов, особенно в теплую и сухую погоду. Значит, знать и соблюдать правила пожарной безопасности необходимо - все лица, задействованные в уборке урожая должны пройти противопожарный инструктаж. Все уборочные агрегаты и автомобили нужно обеспечить первичными средствами пожаротушения (комбайны всех типов и тракторы - 2 огнетушителями, 2 штыковыми лопатами) и исправными искрогасителями.

Хоть уборка уже идет полным ходом, тем не менее, напомним, что перед созреванием колосовых культур хлебные поля в местах их прилегания к лесным и торфяным массивам, степной полосе, автомобильным и железным дорогам должны быть обкошены и опаханы полосой шириной не менее 4 метров. Начинать уборку зерновых необходимо с разбивки хлебных массивов на участки площадью не более 50 гектаров, между которыми необходимо сделать прокосы шириной не менее 8 метров, а скошенный хлеб с прокосов немедленно убрать. Посредине прокосов должна быть пропашка шириной не менее 4 метров.

Временные полевые станы следует располагать не ближе 100 метров от хлебных массивов, токов. Площадки полевых станов и зернотоков нужно опахать полосой шириной не менее 4 метров.

При уборке хлебных массивов площадью более 25 гектаров в постоянной готовности должен быть трактор с плугом для опашки зоны горения в случае пожара.

Запрещается сжигание стерни, пожнивных остатков и разведение костров на полях.

Зернотока необходимо располагать от зданий, сооружений и строений не ближе 50 метров, а от хлебных массивов - 100 метров.

В период уборки зерновых культур и заготовки кормов запрещается:

- использовать в работе тракторы, самоходные шасси и автомобили без капотов или с открытыми капотами;

- выжигать пыль в радиаторах двигателей тракторов и автомобилей паяльными лампами;

- заправлять автомобили в полевых условиях вне специальных площадок, оборудованных средствами пожаротушения и освещенных в ночное время.

Радиаторы двигателей, валы битеров, соломонабивателей, транспортеров и подборщиков, шнеки и другие узлы и детали уборочных машин своевременно очищаются от пыли, соломы и зерна.Скирды, стога, навесы и штабели грубых кормов размещаются на расстоянии не менее 15 метров до линий электропередачи, не менее 20 метров - до дорог и не менее 50 метров - до зданий, сооружений и строений.

Площадки для размещения скирд стогов, а также пары стогов или штабелей необходимо опахивать по периметру полосой шириной не менее 4 метров. Расстояние от края распаханной полосы до стога, расположенной на площадке, должно быть не менее 15 метров, а до отдельно стоящей скирды (стога) - не менее 5 метров.Площадь основания одной скирды (стога) не должна превышать 150 кв. метров, а штабеля прессованного сена (соломы) - 500 кв. метров.

Противопожарные расстояния между отдельными штабелями, навесами и скирдами (стогами) должны быть не менее 20 метров. При размещении штабелей, навесов и скирд (стогов) попарно расстояние между штабелями и навесами следует предусматривать не менее 6 метров, а между их парами - не менее 30 метров.Противопожарные расстояния между кварталами скирд и штабелей (в квартале допускается размещение не более 20 единиц) должны быть не менее 100 метров.

Руководитель организации организует работу по контролю температуры сена в скирдах (стогах) и штабелях сена с повышенной влажностью.

**Помните'. Чтобы сберечь урожай от пожара, необходимо строго соблюдать правила пожарной безопасности!**

Если вы попали в чрезвычайную ситуацию и вам нужна помощь пожарных или спасателей - единый номер для вызова всех экстренных служб с мобильного телефона «**112**» и «**01**» - со стационарного.

**ОНД и ПР № 10 по г. Хасавюрт, Хасавюртовскому, Новолакскому и Казбековскому районам УНД и ПР ГУ МЧС России по РД**

# Не проморгай!
## Стартует фотоконкурс переписи населения




Что общего между фотографией и переписью населения? Обе стремятся остановить ускользающие мгновения жизни. Как в фотоснимке пойман момент, который уже не повторится, так и перепись - это мгновенная фотография жизни страны в определенный период. Присылайте свои лучшие кадры на фотоконкурс Всероссийской переписи населения! Прием заявок стартует 30 июня, дедлайн - 30 сентября 2020 года. Гран-при конкурса составляет 50 000 рублей.

Каждую секунду миллионы людей стараются остановить, схватить мгновения жизни и оставить на память ее отпечатки в виде фотоснимков. Самые яркие и эмоциональные из них хочется показать всем. Для этого сейчас есть отличная возможность: 30 июня стартует фотоконкурс Всероссийской переписи населения «**Страна в объективе**». Работы на конкурс принимаются в трех номинациях:

- «**Покажи страну Випину**» — для снимков ярких и колоритных достопримечательностей родного города или села с участием талисмана Всероссийской переписи населения — птенчика Випина. Талисман может быть представлен в виде поделки, рисунка, костюма или изображения, созданного с использованием цифровых технологий;

- «**Храним традиции**». Предстоящая перепись населения пройдет на всей территории нашей большой, многогранной и разнообразной страны. Мы будем рады увидеть фотоработы, на которых отражены яркие образы жителей различных регионов, в том числе в национальной одежде, а также изображения блюд этнической кухни, обрядов и праздников;

- «**Семейный альбом**», где можно представить фотографии нескольких поколений своих родных.

Не забудьте сопроводить каждое фото кратким описанием и указанием одной из номинаций.

В конкурсе могут принять участие граждане России, достигшие 18 лет. Для этого необходимо предварительно зарегистрироваться на официальном сайте ВПН-2020 (strana 2020.ru) и заполнить специальную форму, в которой нужно указать ссылку на конкурсную работу. По условиям фотографии выкладываются в социальной сети Instagram и отмечаются активной ссылкой @strana2020 и хештегом фотоконкурс перепись. При этом аккаунт должен быть открытым для всех пользователей, а работы выполнены в форматах .png или .jpeg. Один участник может представить не более трех работ. Заявки на конкурс принимаются до 12:00 по московскому времени 30 сентября 2020 года.

Призеры конкурса будут определены в два этапа: с помощью пользовательского голосования на сайте ВПН-2020 и выбора жюри. В ходе первого этапа отдать свой голос может любой зарегистрированный пользователь, поставив понравившейся работе отметку «**Нравится**» (лайк), их количество равно числу набранных баллов. На втором этапе каждый член жюри выберет самые достойные работы. Итоги конкурса будут опубликованы на сайте ВПН-2020 и на официальных страницах ВПН-2020 в социальных сетях не позднее 15 октября 2020 года. В каждой номинации учреждены три премии: 25 000, 15 000 и 10 000 рублей, включая налоги. Жюри также присуждает гран-при фотоконкурса — 50 000 рублей. Кроме того, призерам высылаются электронные дипломы, удостоверяющие присуждение им соответствующей премии.

Информация об условиях и правилах проведения фотоконкурса «**Страна в объективе**» размещается на сайте ВПН-2020 и официальных страницах Всероссийской переписи населения в социальных сетях. Заинтересовавшиеся могут направлять вопросы на электронную почту photo@strana2020.ru.

Ранее планировалось, что основной этап Всероссийской переписи населения пройдет с 1 по 31 октября 2020 года. В связи сэпидемиологической ситуацией в стране Росстат выступил с предложением перенести ее на 2021 год.

Всероссийская перепись населения пройдет с применением цифровых технологий. Главным нововведением предстоящей переписи станет возможность самостоятельного заполнения жителями России электронного переписного листа на портале Госуслуг (Gosuslugi.ru). При обходе жилых помещений переписчики будут использовать планшеты со специальным программным обеспечением. Также переписаться можно будет на переписных участках, в том числе в помещениях многофункциональнных центров оказания государственных и муниципальных услуг «**Мои документы**».

# Прокуратура сообщает...

Прокуратурой района проведена проверка в сфере безопасности дорожного движения.

Установлено, что по ул. Изамудина Гаджиева, Наиба Султанбека и имама Шамиля имеются искусственные неровности, не соответствующие требованиям ГОСТ Р 52605-2006 «**Технические средства организации дорожного движения. Искусственные неровности. Общие технические требования. Правила применения**».

В связи с чем прокуратурой района в районный суд направлены 6 исковых заявлений к администрации МР «**Казбековский район**», обязующие обустроить искусственные неровности в соответствии с требованиями ГОСТ.

## ОБЪЯВЛЕНИЕ

Утерянный аттестат А **№394011**, об основном среднем образовании, выданный Калининаульской средней школой в 1990 г. на имя **Абуталипова Хайбулы Расуловича**, считать недействительным.

*БетӀерай редактор: Джамиля ХӀабирахӀмановна ГӀабдулахӀитова 55-48-94*
*Жавабияв секретарь: МухӀамад-Шарип ГӀабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: ХӀалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова*

*Набор: Меседо ХӀайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхӀажиева, Зайнаб ГӀабдулмуслимова.*
*Типографияльул адрес: 367032, РД МахӀачхъала шагьар Насрудиновасул къватӀ №61*

*Газета хӀадур гьабуна редакцияльул компьютеральул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. ХӀакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"*
*Редакцияльул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,*
*Индекс: 51354*
*Заказ №368 Тираж 1182*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хӀужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*